

Kesyon moun konn poze souvan

Kisa viris Zika (Zika) ye?

Zika se yon enfeksyon viral ki pwopaje anjeneral lè yon moustik ki enfekte ak Zika pike w. Pafwa li ka pwopaje lè w fè sèks ak yon gason ki enfekte. Anjeneral epidemi a pwopaje nan zòn Afrik Twopikal ak zòn Sidès Azyatik. Nan mwa me 2015, Brezil se premye peyi nan kontinan Amerik la ki fè konnen gen yon epidemi Zika lakay li. Aktyèlman, Zika prezan nan anpil rejyon twopikal. Li poko pwopaje sou teritwa kontinantal Etazini.

Kimoun ki ka pran Zika?

Kèlkeswa moun nan, si yon moustik ki enfekte ak Zika pike li, oswa si moun nan fè sèks san pwoteksyon ak yon gason ki enfekte, moun sa a ka trape enfeksyon Zika a.

Kijan moun pran Zika?

Leplisouvan moun pran Zika lè yon moustik ki rele moustik *Ayedès (Aedes)* ki enfekte pike yo. Se menm moustik la ki bay lafyèv deng ak chikoungounya. Lèfini moun ka trape Zika si yo fè sèks san pwoteksyon ak yon gason ki enfekte.

Ki sentòm Zika a bay?

Gen apeprè yon moun sou senk ki prezante sentòm e jeneralman enfeksyon an modere. Sentòm ki pi komen yo se lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti oswa je ki wouj. Lòt sentòm moun konn genyen souvan se doulè nan misk ak maltèt. Anjeneral sentòm yo kòmanse de(2) a sèt jou apre moustik ki enfekte a fin mòde moun nan epi yo ka dire plizyè jou, jiska yon semèn. Se pa fasil pou yo entène moun lopital poutèt Zika, ni Zika pa touye moun fasil. Sepandan ka gen yon maladi nan nè ki rele Sendwòm Guillain-Barré ki ka parèt apre yon moun fin gen yon enfeksyon, men sa rive raman. Pi gwo pwoblèm nan se anomali nan nesans yo remake ki rive lè fanm ansent yo vin enfekte.

Kijan yo dyagnostike Zika?

Sentòm Zika yo sanble ak sentòm moun konn genyen lè yo gen lafyèv deng ak chikoungounya, ki yo menm se maladi lòt viris bay, e se menm tip moustik yo ki pwopaje maladi sa yo. Si w santi sentòm nou dekri anwo yo epi w te vizite yon rejyon ki gen Zika, ale fè yon konsiltasyon kay pwofesyonèl swen sante w la. Si w ekspeze a risk maladi a, pwofesyonèl swen sante w la ka mande w fè tès san pou l gade si w gen viris Zika oswa lòt viris ki menm jan an.

Ki diferans ki genyen ant Zika, lafyèv deng ak chikoungounya?

Tout viris sa yo bay menm sentòm yo, sepandan gen sèten sentòm ki ka endike yon maladi oswa yon lòt. Laplipa pasyan ki gen Zika yo gen gratèl sou po yo; Laplipa pasyan ki gen deng gen pi gwo lafyèv ak gwo doulè nan misk ki pi grav; Laplipa pasyan ki gen chikoungounya gen pi gwo lafyèv ak doulè ki pi entans nan jwenti men yo, pye yo, jenou yo ak nan do yo.

Ki tretman ki genyen pou Zika?

Pagen okenn tretman espesifik pou Zika. Pou trete sentòm yo, yo rekòmande pou pasyan an repoze l, pou l bwè anpil likid pou l pa dezidrate epi pou l pran medikaman tankou asetaminofèn oswa parasetamòl pou bese lafyèv ak soulaje doulè a. Piga pran aspirin ni lòt medikaman anti-enflamatwa ki pa gen estewoyid (NSAID yo), tankou ibipwofenn ak napwoxenn, toutotan yo pa konfime moun nan pa gen deng, yon fason pou diminye risk pou moun nan senyen anpil.

Si yon moun gen Zika, èske l ka bay zòt maladi a?

Zika bezwen woulib (yon mwayen transpò) pou l enfekte moun; anjeneral woulib la se moustik. Sepandan, yo jwenn viris Zika nan dechay epi yo rapòte yon moun ka transmèt li bay yon lòt moun nan kontak seksyèl. Moun ki vwayaje nan rejyon ki gen maladi Zika fèt pou kontinye pran tout prekosyon pou pa kite moustik pike yo pandan twa semèn apre yo fin kite rejyon ki gen maladi Zika a, defason pou yo pa pwopaje viris la, menm si yo pa santi yo malad. Se sèlman yon moun sou senk ki enfekte ak Zika ki prezante sentòm yo. Yo ka jwenn viris Zika a nan san yon moun kap vwayaje ki enfekte epi l ka pase l bay yon lòt moustik si moustik mòde l. Alèkile moustik ki enfekte a ka transmèt viris la bay lòt moun.

Kijan moun ka evite Zika lè yo pa kite moustik pike yo?

Pa gen okenn vaksen ni okenn medikaman prevansyon ki disponib pou lemoman. Pi bon fason pou evite pou pran Zika se pou pa kite moustik mòde w lè wap vwayaje nan yon rejyon ki gen maladi Zika.

- Itilize yon pwodui ke Ajans ki Pwoteje Anviwònman an (EPA) apwouve pou chase moustik. Gen anpil pwodui pou chase ensèk ki san danje pou fanm ansent ak timoun itilize, men asire w ke ou toujou verifye etikèt ki sou pwodui a pou konnen si gen yon avètisman kèlkonk epi suiv enstriksyon yo byen.
- Lè w anndan kay, itilize èkondisyone, til pou fenèt oswa moustikè yo trete avèk ensektisid pou pa kite moustik antre anndan kay la.
- Toujou vide oswa chanje ma dlo ki nan resipyan tankou potafèl, asyèt bèt ak fontèn pou zwazo pou ka diminye kantite moustik ki andeyò kay la oswa andeyò chanm otèl yo.
- Lè wap abiye w, mete chemiz/mayo manch long ak pantalon long, si tanperati a pèmèt sa.

Si w bezwen enfòmasyon ki esplike kijan pou pwoteje w pi byen kont tout maladi ki gen rapò ak vwayaj, yo rekòmande pou w ale kay yon doktè ki gen eksperyans nan domèn medsin vwayaj anvan w fè plan pou vwayaje.

Ki risk Zika prezante pou fanm ansent?

Gen anpil prèv ki montre gen yon koneksyon ant Zika ak mikwozefali, yon anomali nan nesans ki montre sèvo a pa fin devlope nèt, epi l ka bay lòt pwoblèm tou tankou fòs kouch oswa manman an ka akouche yon timoun ki mouri. Nou pa konn an konbyen fwa konplikasyon sa yo rive sepandan nap fè plis etid sou sa. Nou pa konn kijan pou n anpeche pwoblèm gwosès sa yo, sepandan fanm yo ka evite tonbe ansent si yo pa vle fè pitit.

Kisa moun dwe fè pou yo pa pran Zika nan fè sèks?

Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) mande pou gason mete kapòt achak fwa yo pral fè sèks ak yon fanm ki ansent osinon pou yo pa fè sèks pandan tout tan gwosès la. Si pou kapòt la bay bon rezilta, fòk yo sèvi avè l kòm sadwa depi kòmansman jiskaske yo fini, achak fwa gen rapò seksyèl. Kit yap fè sèks vajinal, anal oswa oral (bouch-a-penis).

- Si nan yon koup yo konfime ke gason an gen Zika oswa ke l gen sentòm Zika, koup sa a fèt pou l sèvi ak kapòt oswa pa fè sèks pandan **omwen sis mwa** apre sentòm yo kòmanse. Nan kategori sa a nou mete gason ki rete oswa ki vwayaje nan rejyon ki gen Zika.
- Si nan yon koup gen yon gason ki vwayaje nan rejyon ki gen Zika epi l pa prezante okenn sentòm Zika, koup sa a fèt pou l sèvi ak kapòt oswa pa fè sèks pandan **omwen wit semèn** apre gason an retounen sot nan rejyon an defason pou diminye risk yo.

Koup ki pa vle fè pitit fèt pou itilize metòd planin ki pi efikas ke yo ka toujou itilize kòrèkteman, epitou yo fèt pou yo itilize kapòt pou yo anpeche transmisyon Zika.

Konbyen tan pou m tann anvan m tonbe ansent?

Gason ak fanm ke yo dyagnostike ak viris Zika oswa ki gen sentòm Zika tankou lafyèv, gratèl, doulè nan atikilasyon oswa azoumounou (je wouj) apre yo fin pran viris Zika, CDC rekòmande:

- Pou fanm yo tann **omwen wit semèn** apre premye sentòm yo parèt anvan yo eseye tonbe ansent.
- Pou gason yo tann **omwen sis mwa** apre premye sentòm yo parèt pou fè sèks san pwoteksyon.

Pou gason ak fanm ki pa gen sentòm viris Zika, sepandan ki te ekspoze a Zika poutèt yo te fenk vwayaje oswa fenk gen kontak seksyèl, CDC mande pwofesyonèl swen sante yo pou yo mande pasyan yo tann omwen wit semèn apre yo fin ekspoze a Zika anvan yo eseye tonbe ansent defason pou diminye risk yo.

Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon sou Zika?

- Pwofesyonèl swen sante w
- Depatman sante ki bò lakay ou (anyè ki gen enfòmasyon sou depatman sante lokal nan NJ): <http://www.state.nj.us/health/lh/documents/lhdirectory.pdf>
- NJ Department of Health (Depatman Sante NJ): <http://www.nj.gov/health>
- Centers for Disease Control and Prevention (CDC) [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi]: <http://www.cdc.gov/zika/index.html>
- CDC Travel Health Notices (Avi CDC sou Sante pou moun kap vwayaje): <http://wwwnc.cdc.gov/travel/notices>
- Pou ka gen dènye enfòmasyon ki parèt sou tan fanm dwe tann anvan yo tonbe ansent apre yo fin ekspoze a Zika ak
- dènye enfòmasyon sou kijan pou anpeche transmisyon Zika nan fè sèks, ale nan sitwèb CDC a: www.cdc.gov/media/releases/2016/s0325-zika-virus-recommendations.html

Enfòmasyon sa a se enfòmasyon yo bay kòm ransèyman sèlman e li pa dwe ranplase yon konsiltasyon ka yon pwofesyonèl swen sante. Yo adapte enfòmasyon sa a apatide Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) ak Òganizasyon Panamerikèn pou Lasante (Pan American Health Organization).

Yo revize l le 4/18/16